

Konprann Lis Prim pou Pèt Itilizasyon ou an

Èske ou gen dwa pou resevwa konpansasyon poutèt chòk pèmanan ou a?

Kisa yon Lis Prim pou Pèt Itilizasyon ye?

Yon *Lis Prim pou Pèt Itilizasyon (Schedule Loss of Use, SLU)* se yon avantaj lajan kach yo peye ou si ou pa ka travay ankò paske ou gen yon andikap nan yon pati nan kò ou paske ou te pran chòk nan travay ou a.

Yo ka fè yon prim SLU pou chòk nan nenpòt nan bagay sa yo:

Bra (zepòl ak koud)	Zòtèy ak / oswa Gwo Zòtèy
Men (ponyèt ak avanbra)	Zye (pwoblèm pou wè)
Dwèt ak / oswa Pous	Zòrèy (pwoblèm pou tande)
Janm (anch ak jenou)	Ou defigure
Pye (cheviy)	(figi / mak, kou, po tèt)

Ki moun ki kalifye pou yon prim SLU?

Pou w ka kalifye pou yon prim SLU, ou dwe satisfè kondisyon sa yo:

- Ou te rekipere nan tout mezi posib ak chòk ou a.
- Doktè ou te soumèt yon rapò medikal ki respekte Direktiv pou Andikap Pèmanan yo.
 - Nan rapò a, doktè ou dwe deklare ou te jwenn maksimòm amelyorasyon medikal (maximum medical improvement, MMI) posib.
- Ou gen yon andikap pèmanan nan pati nan kò w la paske ou te pran chòk nan travay la.

Ou ka gen andikap pèmanan paske ou te pran chòk nan zo, misk, katilaj, tandon, nè, veso sangan, ak lòt tisi.

Yon prim SLU konpanse ou pou ou mwayen ou pèdi pou travay, jan yo detèmine li nan Komisyon Administrasyon Konpansasyon Travayè a (Komisyon an) epi ki respekte lwa ak direktiv pou Konpansasyon Travayè.

Kijan yo detèmine MMI?

Ou ta dwe mande doktè ou sou pwogrès ou ak si ou te rive sou MMI. Lè doktè ou di ou rive sou MMI, I ap voye yon rapò medikal bay Komisyon an ki di ou rive nan MMI. Rapò a dwe gen ladan yon egzamen pati nan kò w ou te pran chòk la, epi li dwe di pousantaj ou fonksyonman ou te pèdi nèt pou itilize pati ou te pran chòk la.

Pa egzanp, rapò a ka endike ou gen 25% mwens fonksyon pase sa ou te gen avan chòk ou a. Sa rele tou yon lis pèt itilizasyon, oswa Schedule Loss of Use (SLU) nan lang angle.

Kisa k ap pase apre yo fin soumèt rapò medikal doktè a?

- Si konpayi asirans lan dakò ak pousantaj SLU doktè ou a, yo pral itilize pousantaj sa a pou kalkile kantite semèn avantaj ak peman ou pral resevwa a.
- Si konpayi asirans la pa dakò ak pousantaj doktè w la, yo ka mande opinyon konsiltan pa yo oswa yon Egzaminatè Medikal Endepandan (Independent Medical Examiner, IME).
 - Komisyon an ap konsidere rapò medikal sou pèmanan ak pousantaj SLU doktè w la ak IME a, epi li pral pran yon desizyon sou pousantaj SLU a.
 - Yo pral itilize pousantaj sa a pou detèmine kantite semèn avantaj ak peman ou pral resevwa a.
- Apre yo bay desizyon an, konpayi asirans la ap gen 10 jou pou li peye. Si gen yon dispit, swa oumenm oswa konpayi asirans la kapab konteste nan 30 jou apre desizyon an.

Kontakte Komisyon Administrasyon Konpansasyon Travayè Eta New York la

Rele: (877) 632-4996 (Lendi-Vandredi: 8:30 a.m. jiska 4:30 p.m.)

Imèl: claims@wcb.ny.gov

Ale sou: wcb.ny.gov



Workers' Compensation Board

Konbyen yon prim SLU ye?

Se lwa Konpansasyon Travayè ki detèmine prim SLU ou a, epi li gen yon lis maksimòm kantite semèn avantaj ou ka resevwa selon pati nan kò w ou te pran chòk pèmanan an. W ap jwenn lis la anba a:

MAKSIMÒM SEMÈN KONPANSASYON POSIB

Patè nan Kò a	Semèn	Patè nan Kò a	Semèn	Patè nan Kò a	Semèn	Patè nan Kò a	Semèn
Bra	312	Pye	205	Premye dwèt	46	Katriyèm dwèt	15
Janm	288	Zye	160	Dezyèm Dwèt	30	Gwo Zòtèy	38
Men	244	Pous	75	Twazyèm Dwèt	25	Lèt Zòtèy	16

Ak lis sa a, y ap kalkile prim ou a selon bagay sa yo:

1. Pati nan kò w ou pran chòk la.
2. Pousantaj pèt fonksyonman oswa % SLU selon sa Jij la deside a.
3. Mwayèn salè pa semèn ou.

Mwayèn salè chak semèn (average weekly wage, AWW) ou a baze sou salè brit ou pou 52 semèn avan dat chòk oswa maladi a (pa lajan apre tout dediksyon ou pote lakay ou), epi sa gen ladan tan siplemantè ak lòt konpansasyon. Pou kalkile AWW ou, yo divize salè brit total ou pa 52. Pa egzanp, si salè brit ou se \$ "x", w ap divize "x" pa 52 pou jwenn AWW ou.

Sa ki anba la a se yon egzanp kalkil pou Lis Prim pou Pèt Itilizasyon: Yon travayè pèdi 25% nan itilizasyon bra li poutèt yon chòk li te pran nan travay epi ak salè mwayen pa semèn (AWW) li se \$ 900.

Semèn Maksimòm Avantaj SLU ki Otorize	Pousantaj Pèt Itilizasyon	Dire Avantaj SLU chak semèn (312 x 25%)	Salè Mwayen pa Semèn	Avantaj SLU pa Semèn (AWW x 2/3)	*Total Kantite prim SLU (78 x \$ 600)
312	25%	78	\$900	\$600	\$46,800

**Y ap retire nenpòt peman avantaj tanporè sou total prim SLU a.*

Kijan yo peye prim yo?

Y ap retire nenpòt ki avantaj ou te deja touche sou prim SLU w la. Yo ka ranbouse patwon ou pou nenpòt salè yo te peye ou pandan ou pa te nan travay. Y ap retire lajan sa a sou prim SLU w la tou. Ou pral touche rès lajan an nan youn (1) nan diferan fason sa yo.

- Ou pral resevwa chèk konpansasyon travayè regilye ou yo jiskaske ou fin touche tout prim SLU a, oswa
- Ou ka resevwa tout prim SLU w la nan yon sèl vèsman. Si desizyon w lan fèt nan yon odyans, ou ka mande pou peye ou ak yon sèl vèsman lè sa a, oswa ou ka ekri Komisyon an pou mande li. Komisyon an pral mande konpayi asirans la pou ba w yon chèk pou tout montan an.

KESYON

Komisyon Administrasyon Konpansasyon Travayè an (Komisyon an) ka ede ou konprann reklamasyon lis prim pou pèt itilizasyon ou an. Pou kontakte Komisyon an, rele **(877) 632-4996** oswa voye yon imèl bay claims@wcb.ny.gov.

Lè wap kontakte Komisyon an, w ap bezwen enfòmasyon sa yo pare:

- Non ou ak nimewo dosye WCB ou
- Nimewo telefòn ou (ak kòd postal la)
- Yon ti deskripsyon tou kout pwoblèm nan
- Tout dokiman oswa lèt ou te resevwa

Komisyon Konpansasyon Eta New York pwoteje dwa anplwaye yo ak patwon yo lè nou asire bon jan fason yo bay avantaj yo, epitou lè nou ankouraje respè lalwa. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Komisyon an, ale sou sitwèb wcb.ny.gov.